

**Resistensi tumrap Kolonialisme sajrone Cerbung *Racun-Racun ing Puri Buleleng* Anggitane Suroso Bc. Hk.:  
Tintingan Postkolonial**

**Ricca Dinariyanti**

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA ([riccadinariyanti@yahoo.com](mailto:riccadinariyanti@yahoo.com))

Page | 1

**Abstrak**

Cerbung *Racun-Racun ing Puri Buleleng* kang sabanjure dicekak RRPB ngemot crita ngenani masyarakat Buleleng ing pulo Bali kang nyoba ngrebut tlatah wutah getihe saka tangane serdhadhu Walanda kang nindakake kolonialisme. Tumindake masyarakat Buleleng nalika ngadhepi kolonialisme dadi sawijine bab kang patut kanggo ditliti. Saliyane iku uga ana tumindak kiyanat kang dilakoni dening masyarakat Buleleng ing pulo Bali. Adhedhasar andharan kasebut, panliten iki nggunakake tintingan postkolonial kang aweh kawigaten marang pihak kajajah.

Ing panliten iki ana telung underan panliten yaiku: (1) kepriye wewatakane paraga kang ana ing cerbung RRPB? (2) kepriye wujud kolonialisme kang ana ing cerbung RRPB? (3) kepriye resistensi kang ditindakake masyarakat Buleleng ing pulo Bali tumrap anane kolonialisme kang ana ing cerbung RRPB? Ancas saka panliten iki yaiku: (1) ngandharake wewatakane paraga kang ana ing cerbung RRPB, (2) ngandharake wujud kolonialisme kang ana ing cerbung RRPB, (3) ngandharake resistensi kang ditindakake masyarakat Buleleng ing pulo Bali tumrap anane kolonialisme kang ana ing cerbung RRPB. Panliten iki diajab bisa menehi paedah yaiku: (1) paedah teoretis bisa menehi panyumbang tumrap pangrembakane telaah karya sastra, mligine tintingan postkolonial, sarta (2) paedah praktis tumrap pamulangan lan tumrap bebrayan.

Metode kang digunakake sajrone panliten yaiku metode dheskriptif kualitatif. Sumber data panliten iki arupa cerbung *Racun-Racun ing Puri Buleleng* anggitane Suroso Bc. Hk. Data panliten arupa tetembungan lan ukara sajrone cerbung RRPB kang ngandhut wewatakane paraga, kolonialisme, lan resistensi. Tata cara ngumpulake data ing panliten iki kanthi teknik kapustakan. Tata cara ngolah data nggunakake metode analisis dheskriptif.

Asil saka panliten nuduhake wewatakane paraga-paraga kang ana ing cerbung RRPB nindakake kolonialisme lan resistensi. Paraga-paraga kang nindakake kolonialistik yaiku Anna, Kolonel Karel, Jendral Van Swieten, Sersan Jacob, lan Wayan Tarma, dene paraga-paraga kang nindakake resistensi yaiku Putu Yoga, I Gde Wijaya, Ida Bagus Baradha, lan Made Ardhana. Asil panliten sabanjure yaiku kolonialisme kang dumadi ing cerbung RRPB kalebu kolonialisme modern, amarga kolonialisme kang dumadi ing pulo Bali mligine ing tlatah Buleleng kasebut dumadi watara abad 18. Kolonialisme modern ing kene luwih ing bidhang politik amarga Walanda kepengin rakyat Bali ngakoni *kedaulatan* Walanda ing Pulo Bali. Kolonialisme kasebut ditindakake kanthi rong wujud yaiku kolonialisme kang tujuwane nguwasan wilayahé kaum kang dijajah lan kolonialisme kang tujuwane nguwasan pamikirane kaum kang dijajah. Asil panliten kang pungkasan yaiku resistensi kang ditindakake masyarakat Buleleng ing pulo Bali kalebu jinise resistensi radikal. Resistensi radikal kasebut ana telu yaiku perang puputan, ngrancang strategi perang, sarta tumindak lan omongan *frontal*.

**Tembung wigati: watak, kolonialisme, resistensi**

**PURWAKA**

Miturut Luxemburg (1989:23), karya sastra bisa diwawas minangka gejala sosial. Sajrone ngripta karya sastra, pangripta ndeleng kahanan sosial kang dumadi sajrone masyarakat kang dadi inspirasi laire sawijine karya sastra. Sakabehe *fenomena* lan kedadeyan kang ana ing masyarakat didadekake objek sajrone karya sastra.

Sakabehe fenomena lan kedadeyan utamane kedadeyan kang nuwuhake sejarah kang wis dumadi sajrone masyarakat minangka perangan kang *unik* yen didadekake objek karya sastra. Kedadeyan kang nuwuhake sejarah mau bisa menehi inspirasi marang pangripta sajrone ngripta karya sastra.

Saben-saben kedadeyan kang nuwuhake sejarah uga dialami dening bangsa Indonesia. Salah sawijine kedadeyan kang nuwuhake sejarah yaiku tumindak penjajahan utawa kolonialisme.

Penjajahan kang dialami dening bangsa Indonesia banjur aweh daya pangaribawa tumrap maneka warna perangan ing masyarakat. Salah sawijine perangan kang uga kaprabawan anane penjajahan yaiku ing babagan sastra. Karya sastra kang ngrembug ngenani penjajahan bisa ndadekake tema sajrone crita. Tema ngenani penjajahan utawa kolonialisme uga ana sajrone sastra Jawa modern, salah sawijine yaiku cerbung. Salah siji tuladhané yaiku cerbung *Racun-Racun ing Puri Buleleng*, kang sabanjure bisa dicekak RRPB. Cerbung RRPB iki kapacak ing kalawarti *Panjebar Semangat*. Cerbung iki latare nggunakake jaman penjajahan kang dumadi watara abad 18 ing pulo Bali. Ing abad 18, Walanda wis ngadhepi para prajurit-prajurit Bali (Ricklefs, 1998:202). Para prajurit-prajurit kasebut ngupaya ngusir penjajah saka Indonesia kanthi maneka warna panglawanan utawa resistensi.

Cerbung RRPB kang nyritakake panglawanan tumrap kolonialisme dianggit dening Suroso Bc. Hk. Suroso Bc. Hk. salah sawijine sastrawan senior lan produktif kang kalebu sastrawan *dekadhe* taun 70-an, sabaranan karo Tiwiek S.A. Djajus Pete, Esmiet, lan liyaliyane. Suroso Bc. Hk anggone nganggit kadhangkala nggunakake jeneng singlon Eyang Jeffan. Karya sastra liyane kang diasilake dening Suroso Bc. Hk. yaiku *Njareming Pangigit-igit, Garising Pepesthen*, lan isih akeh maneh karya liyane.

Cerbung RRPB mujudake sawijine cerbung kang narik kawigaten kanggo ditliti. Perangan-perangan kang narik kawigaten yaiku kolonialisme lan resistensi kang ditindakake dening paraga-paragane. Perangan-perangan mau bakal dijentrehake nganggo tintingan postkolonial. Panganggone teori postkolonial mawa ancas kanggo ngertenipun sipat kolonialismene bangsa Walanda tumrap masyarakat Bali mligine ing tlatah Buleleng kang ndadekake anane resistensi.

Gegayutan karo andharan mau, underane panlitén iki yaiku: (1) kepriye wewatakane paraga kang ana ing cerbung RRPB? (2) kepriye wujud kolonialisme kang ana ing cerbung RRPB? (3) kepriye resistensi kang ditindakake masyarakat Buleleng ing pulo Bali tumrap anane kolonialisme kang ana ing cerbung RRPB? Ancas saka panlitén iki yaiku: (1) ngandharake wewatakane paraga kang ana ing cerbung RRPB, (2) ngandharake wujud kolonialisme kang ana ing cerbung RRPB, (3) ngandharake resistensi kang ditindakake masyarakat Buleleng ing pulo Bali tumrap anane kolonialisme kang ana ing cerbung RRPB. Panlitén iki diajab bisa menehi paedah yaiku: (1) paedah teoretis bisa menehi

panyumbang tumrap pangrembakane telaah karya sastra, mligine tintingan postkolonial.

Paedah panlitén kaperang dadi rong golongan, yaiku paedah teoretis lan paedah praktis. Paedah panlitén iki diajab bisa aweh paedah kaya kang dikarepake dening panlitén yaiku: (1) paedah teoretis, panlitén iki bisa menehi panyumbang tumrap pangrembakane telaah karya sastra, mligine tintingan postkolonial kang gegayutan karo kolonialisme lan resistensi, (2) paedah praktis, tumrap pamulangan panlitén iki diajab bisa kanggo sarana para siswa ngertenipun resistensi marang kolonialisme. Saliyane iku kanggo para siswa diajab bisa nuwuhake rasa tresna marang negarane kang nyengkuyung anane pendhidhikan karakter. Tumrap bebrayan, panlitén iki bisa digunakake minangka wacan kanggo ngertenipun lara lapane bangsa Indonesia ing jaman penjajahan lan nuwuhake rasa tresna kanggo mbela negara.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Kolonialisme

Kolonialisme dumadi saka tembung kolonial lan isme. Kolonial asale saka basa Romawi yaiku tembung *colonia* kang nduweni teges lemah kanggo tetanen utawa pomahan (Ratna, 2012:205).

Miturut Ratna (2008:20) konotasi negatif ngenani makna kolonial kang tuwuhan sawise dumadi hegemoni, uga eksplorasi marang salah sawijine negara tumrap wilayah liyane. Dadi, sing diarani kolonialisme yaiku penjajahan utawa tumindak nelukake negara liya kang ditindakake dening sawijine negara (Ratna, 2008:451).

Loomba (sajrone Ratna, 2008:21) ngandharake yen dominasi minangka tetengere wujud pendudukan saengga kolonialisme dibedakake dadi rong jinis yaiku kolonialisme lawas lan kolonialisme modern.

### Resistensi

Ashcroft (sajrone Yasa, 2012:73) ngandharake yen panglawanan kanthi gegaman, sesorah kang ndadekake kisruh, budaya lan politik balas dhendham minangka resistensi utawa panglawanan kang tuwuhan amarga anane perang. Resistensi radikal nduweni tetenger anane rencana-rencana pergerakan kang ditindakake kanthi nyerang kanthi cara langsung lumantar paprangan utawa kanthi nggawe sawijine teks utawa wacana (Lo and Gilbert sajrone Yasa, 2012:73).

Ashcroft (sajrone Yasa, 2012:73) uga ngandharake saliyane asipat radikal, wujud resistensi uga asipat pasif. Ing masyarakat postkolonial, resistensi minangka wewujudan dhirine kanggo nulak yaiku resistensi kang nggunakake cara liya kanthi ngukuhi idhentitas lan budaya. Miturut Bhabha (sajrone Yasa, 2012:75) salah siji resistensi kang ditindakake dening masyarakat pribumi sajrone ngukuhi eksistensine yaiku kanthi nindakake mimikri. Saka kene bisa diweruhi yen

ana rong jinis resistensi utawa panglawanan kang ditindakake dening kaum terjajah yaiku resistensi radikal lan resistensi pasif.

### Teori Postkolonial

Endraswara (2008:178), ngandharake kajian postkolonial ora bakal nglalekake aspek-aspek kolonial, yaiku penjajah lan kajajah. Postkolonial diwiwiti dening Edward Said ngenani orientalisme kang diandharake sajrone buku kanthi irah-irahan *Orientalism*. Said (sajrone Ratna, 2008:27) ngandharake yen orientalisme yaiku sawijine cara, metode lan ilmu kang dilakokake kanthi cara sistematis lan rinipta kanthi cara disengaja kanggo mahami donyane wong Wetan tumrap dasar pamikiran wong Kulonan.

Budiman (sajrone Foulcher, 2008:x) ngandharake yen postkolonial lair lan ngrembaka sarta nduwensi daya pangaribawa kang gedhe amarga rasa sadhare marang ora larase sesambungan kakuwasan antarane panguwasa koloni lan subjek koloni kang diprentah. Miturut Ratna (2008:90) teori postkolonial iku tegese cara-cara kang digunakake kanggo nintingi maneka warna gejala kultural, kayata: sejarah, politik, ekonomi, sastra, lan maneka warna dhokumen liyane kang dumadi ing negara-negara kang nate dadi koloni Eropa modern. Postkolonial sajrone tintingan sastra, minangka cara kang ngasilake pitakonan-pitakonan kang bisa mbiyantu ngidhentifikasi anane tandha-tandha kolonialisme sajrone teks-teks kritis apadene sastra (Foulcher, 2008:3).

### Struktur Karya Sastra

Teeuw (1988:135) ngandharake analisis struktural nduwensi tujuwan kanggo ndhudhah lan ngandharake kanthi tliti ngenani gegayutan sakabehe *anasir* lan aspek karya sastra kang bebarengan ngasilake makna kang wutuh. Saben karya sastra merlokake metode analisis kang salaras karo sipat lan strukture. Ing analisis struktur, bab kang beda ngenani anasir tartamtu kang dominan nduwensi peranan kang wigati (Teeuw, 1988:137). Dominane perangan struktur ora ateges nglirwakake perangan liyane.

Tintingan struktural dianggep wigati sajrone panliten ing cerbung iki. Pamawas kasebut didhasari panliten kang ora uwal saka struktur cerbung kang dominan, mligine ing babagan paraga. Mula ing perangan iki bakal dijlentrehake ngenani paraga kang sabanjure diperlokake banget kanggo ancangan sajrone nintingi cerbung RRPB iki.

Istilah paraga dituduhake kanggo pelaku crita (Nurgiyantoro, 2007:165). Paraga-paraga ing crita fiksi, bisa diperang miturut jinis-jinise. Nurgiyantoro (2007:176) ngandharake adhedhasar pamedane pamawas lan *tinjauan*, sawijine paraga bisa didunungake ing jinis sesebutan paraga kanthi langsung, kayata paraga utama-kompleks-berkembang.

Miturut Nurgiyantoro (2007:176) paraga kang ana ing crita yen dideleng saka tingkat perane paraga sajrone crita kaperang dadi paraga utama (*central* utawa *main character*) lan paraga tambahan (*peripheral character*). Miturut Forster (sajrone Nurgiyantoro, 2007:181) kang ngandharake ngenani paraga-paraga kang ana ing crita adhedhasar wewatakane kaperang dadi paraga prasaja (*simple* utawa *flat character*) lan paraga kompleks (*complex* utawa *round character*). Banjur ana maneh paraga-paraga ing crita adhedhasar pangrembakane utawa orane wewatakan kaperang dadi paraga statis (*static character*) lan paraga *berkembang* (*developing character*).

Altenbernd & Lewis (sajrone Nurgiyantoro, 2007:194) ngandharake teknik panggambaran paraga sajrone karya sastra utawa luwih cethane panggambaran sipat, watak, lan perangan liyane kang sesambungan karo jati dhirine paraga, diperang dadi teknik ekspositori utawa teknik analitik lan teknik dramatik.

### Cerbung

Hutomo (1975:57) ngandharake ing sanjabane Balai Pustaka, tanggal 2 September 1933 terbit majalah Panjebar Semangat ing njerone uga ditemokake novel. Wiwit No. 44, Taun III, November 1935 majalah Panjebar Semangat ngemot sawijine novel (crita bersambung, feuilleton) kanthi irah-irahan *Sandhal Jinjit ing Sekaten Solo* anggitane Sri Susinah. Saka kene bisa diweruhi yen cerbung iku uga padha karo novel.

### METODE

Ancangan panliten minangka upaya ngrantam lan nemtokake sakabehe pamawas lan piranti kang diperlokake sajrone panliten kualitatif (Moleong, 2005:385). Panliten iki nggunakake panliten kualitatif adhedhasar kasunyatan lan asipat dheskriptif kanthi nggambarkake kasunyatan data kang wis dikumpulake. Metode kualitatif kang ditindakake ing panliten iki kanthi ora nengenake angka-angka, nanging nengenake jerone teges ngenani gegayutanane karo sawijine konsep kang ditinting kanthi empiris (Semi, 1998:23-24). Nawani (sajrone Siswantoro, 2005:56) ngandharake watak dheskriptif sajrone panliten kena ditegesi minangka cara pamecahane prakara kang ditinting, kanthi menehi gegambaran utawa wewayangan.

Sumber data saka panliten iki yaiku cerbung *Racun-Racun ing Puri Buleleng*. Ing panliten iki data kang dikumpulake yaiku data kang awujud tembung apadene ukara pethikan saka cerbung RRPB kang ngemot katrangan kang ana gegayutanane karo kolonialisme lan resistensi. Ing panliten iki kang dadi instrumen utawa alat pangumpule data kang utama yaiku panliti.

Panliten ing cerbung RRPB iki bakal nggunakake metode panliten kapustakan. Miturut Ratna (2012:17) panliten kapustakan ditindakake gegayutan karo objek sajrone wujud karya tartamtu kayata novel, cerpen, babad, geguritan, tradhisi lisan lan liya-liyane. Tata cara analisis data kang digunakake ing panliten iki yaiku metode analisis dheskriptif.

## ANDHARAN ASILE PANLITEN

### 1. Wewatakane Paraga kang ana ing Cerbung RRPB

Ing perangan iki bakal diandharake wewatakane paraga-paraga kang ana ing cerbung RRPB, nanging ora kabeh paraga bakal diandharake sajrone perangan iki. Wewatakane paraga kang bakal diawas sajrone cerbung mligine paraga-paraga kang nindakake kolonialisme lan paraga kang nindakake resistensi kang tuwuhan sajrone cerbung.

#### Paraga kang nindakake kolonialistik

##### Paraga Anna

Paraga Anna nduweni wewatakane kang lumrahe diduweni dening wong-wong Kulonan kang nganggep yen wong Kulonan luwih superior utawa luwih dhuwur drajate tinimbang wong Wetanan. Wong Wetanan dianggep minangka wong kang bodho lan kena dikongkon apa wae. Kayata nalika dheweke dikancani dening wong pribumi jenenge Komang Wida kang dadi jongose. Watakan angkuhe Anna bisa dideleng nalika dheweke arep menehi omben-ombenan anggur marang jongose. Bisa dideleng sajrone pethikan ngisor iki.

“Apa? Anggur saka Nederland kok padhakake karo towak Bali? Dudu tandhingane, Komang. Anggur saka Nederland kuwi pesenan saka Frankrijk, diolah ana ing pabrik Champagne kang kaloka. Apa kowe kepengin ngrasakake?” (Suroso, PS.3.1975:8).

Saliyané nduweni watakan angkuh, Anna uga nduweni watakan wengis. Anggur kang diwenehake marang Komang Wida pranyata diwenehi racun. Bisa dideleng sajrone pethikan ngisor iki.

...Sauntara Anna rada gugup. Nanging ora suwe wis bisa nguwasan pibadine. Cepet2an dheweke njupuk botol kang isih gumlethak ana sacredhake Komang Wida. Terus brabat menyang mburi. Botol kuwi diumpetake. Sawise iku Anna nuli njupuk botol anggur kosong saka lemari, digawa mlebu menyang kamare Komang Wida... (Suroso, PS.3.1975:8).

Paraga Anna uga nduweni watakan licik, ora gelem tanggung jawab marang apa kang wis ditindakake. Dheweke ora blaka yen jongose mati amarga dheweke wis menehi racun ing ombenan anggure. Bisa dideleng sajrone pethikan ngisor iki.

“Sore mau, sabubare nyambut gawe, dheweke dak wenehi anggur Champagne. Dak kon njupuk dheweke ana lemari. Sawise ngombe anggur dheweke nuli adus. Sabubare adus aku krungu dheweke gereng2. Banjur dak parani... (Suroso, PS.3.1975:8)

##### Paraga Kolonel Karel

Kolonel Karel nduweni watakan angkuh. Babagan iki bisa dideleng saben dheweke mrentah para serdhadhu andhahane kang jaga ing beteng Jagaraga. Bisa dideleng sajrone pethikan ngisor iki.

...Tumapaking sepatune pating kleprog nganggu kahanan kang sepi ing gedhong kuwi. Bareng tekan ing emper, Kolonel Karel nguwuh kanthi angkuh. “Sersan Jacob, apa wis ganep serdhadhu2 kang kudu jaga ing kene bengi iki?” (Suroso, PS.1.1975:9).

##### Paraga Jendral Van Swieten

Paraga kang katelu yaiku paraga Jendral Van Swieten. Kaya lumrahe para penjajah, Jendral Van Swieten minangka paraga kang angkuh. Jendral Van Swieten kandha menyang nonik Anna bakal nuruti sakabehe penjaluke. Bisa dideleng sajrone pethikan ngisor iki.

“Anna aja kuwatir. Kabeh panjalukmu marang pamanmu wis dikandhakake marang aku... Malah Kolonel Karel meling supaya aku gelem ngakoni kowe minangka anak angkatku lan supaya aku nuruti panjalukmu” (Suroso, PS.2.1975:10).

Paraga sabanjure yaiku Sersan Jacob. Dheweke nduweni watakan wengis. Nalika dheweke meruhi kedadeyan ngenani tiwase jongose nonik Anna ing kamare, Sersan Jacob ora ngusut kanthi temen ngenani prakara kasebut. Bisa dideleng sajrone pethikan kang kaya mangkene.

“Nona Anna ora usah kuwatir. Kahanan wektu iki durung aman tenan. Kena diarani isih jaman perang. Ing jaman perang nyawa manungsa ora ana ajine. Mula aku percaya yen bab iki ora bakal dadi perkara. Sapa kang nduweni wektu kanggo ngusut matine jongos pribumi kuwi?” (Suroso, PS.3.1975:8-9).

##### Paraga Wayan Tarma

Paraga pungkasane kang nindakake kolonialisme yaiku Wayan Tarma. Dheweke salah sijine paraga kang mbebayani tumrap perjuwangane para pribumi ngrebut tlatah klairane saka tangane Walanda. Dheweke dipercaya dening pimpinane Walanda saengga bisa nggayuh pangkat kang dhuwur ing bala tentarane Walanda. Bisa dideleng sajrone pethikan ngisor iki.

“Kula, tuwan. Kula Kopral Wayan Tarma.” Wangsulané kang ditekoni kanthi mudhun saka tumpakane lan ndheku kurmat...

“Tuwan Kolonel Karel manggih alangan”  
(Suroso, PS.2.1975:8).

### Paraga kang Nindakake Resistensi

#### Putu Yoga

Putu Yoga salah sawijine paraga kang nduweni rasa setya lan rila ngurbanake jiwane marang tlatah wutah getihe. Bisa dideleng sajrone pethikan kang kaya mangkene.

“Luwih becik mati kobong tinimbang dadi begundhale wong kulit putih.” Mangsuli mengkono iku karo mencolot, karepku arep nyegah tumindake Wayan Tarma. Nanging kasep... (Suroso, PS.4.1975:10).

#### I Gde Wijaya

Paraga I Gde Wijaya minangka pemimpine para prajurit puputan ing tlatah pulo Bali. Anggone nindakake jejibahane, I Gde Wijaya pancen pemimpin kang tanggung jawab. Bisa dideleng sajrone pethikan ngisor iki.

Hawa pegunungan kang adhem iku babar pisan ora ngurangi semangate. Jalaran dheweke rumangsa nduweni tanggung jawab kang ora entheng, mandhegani para prajurit puputan ing tlatah Bali lor... (Suroso, PS.6.1975:8).

Watak prawirane I Gde Wijaya uga katon minangka pemimpine prajurit puputan. Dheweke bakal ngayahi kuwajiban ngrebut tlatah Buleleng senajan perang kang gedhe kudu dilakoni. Bisa dideleng sajrone pethikan kang kaya mangkene.

“Saupami kula putusaken ngrebat krajan Buleleng kanthi toh nyawa lan wutahing ludira kados pundi?” (Suroso, PS.8.1975:8).

I Gde Wijaya uga minangka paraga kang kukuh atine. Dheweke ora gelem yen ana prajurit puputan kang ngaku setya marang tlatahe nanging nyatane dheweke minangka pawongan kang mbebayani tumrap pulo Bali. Bisa dideleng sajrone pethikan ngisor iki.

“Nyuwun pangapunten aji, ing salebetting perjuangan kedah cetha antawisipun mengsa lan kanca. Awit menawi boten cetha sinten mengsa lan sinten kanca, saged nglumpuhaken perjuangan...” (Suroso, PS.10.1975:22).

#### Paraga Ida Bagus Baradha

Ida Bagus Baradha sawijine pedhandha utawa pandhita Hindu ing Bali. Pedhandha Ida Bagus Baradha lumrah yen nduweni watak kang wicaksana amarga minangka pandhita lan sesepuh dheweke mesthi nduweni pengalaman kang luwih akeh. Miturut dheweke, saben tumindak iku kudu digagas kanthi tumemen supaya tujuwan kang dikarepake bisa kagayuh salaras karo pepenginane. Pedhandha Ida Bagus Baradha aweh pitutur kepriye carane nglurug kakuwatan kang becik. Bisa dideleng sajrone pethikan kang kaya mangkene.

“...Kita kudu ngerti kekuwatane mungsuh. Mula kita perlu ngirim telik sandhi... Wong kang kita kirim iku kudu ulet, wicaksana, gedhe kasetyane marang perjuangan iki lan sing luwih penting durung dikenal mungsuh yen kuwi prajurit kita” (Suroso, PS.6.1975:9).

Pedhandha Ida Bagus Baradha kanthi sabar lan wicaksana aweh pitutur marang Anna ngenani kahanan kang dumadi antarane nonik Anna lan Made Ardhana. Bisa dideleng sajrone pethikan ngisor iki.

“Anna, sauntara anakmu durung lair kowe minangka sisihane Ardhana. Lan bayi kuwi tetep dadi tanggung jawabe Ardhana. Nanging sawise anakmu lair, kowe kudu pisah karo Ardhana. Ora perlu kokgetuni. Awit kabeh lelakon iki jalaran saka tumindakmu. Kowe wis kebacut nyebar racun2 ing puri Buleleng”(Suroso, PS.11.1975:29).

#### Paraga Made Ardhana

Paraga pungkasan kang nindakake resistensi yaiku Made Ardhana. Made Ardhana pancen prajurit kang bisa dipercaya dadi telik sandhi. Adhedhasar tetimbangan dheweke minangka prajurit puputan kang isih enom lan setya mbelani tlatah klairane. Bisa dideleng sajrone pethikan kang kaya mangkene.

“Yen kanca2 menehi kapercayan marang aku, aku ora arep nulak” (Suroso, PS.6.1975:9).

Made Ardhana uga nduweni watak wicaksana. Dheweke pancen tresna marang Luh Candra Sari kenyia perbekelan Gitgit, nanging tresnane marang tlatah wutah getihe luwih wigati. Dheweke kapilih dadi telik sandhi kanthi cara memba-meba dadi jongose nonik Anna. Bisa dideleng sajrone pethikan ngisor iki.

“Sari, bener aku dadi jongos, nanging dudu jongos sabaene. Aku minangka jongos kang ngemban kuwajiban luhur kanggo kepentingan tanah wutah getih kita iki” (Suroso, PS.6.1975:9).

## 2. Wujud Kolonialisme kang ana ing cerbung RRPB

Kolonialisme kang dumadi ing cerbung RRPB kalebu kolonialisme modern. Bisa diarani kolonialisme modern, amarga kolonialisme kang dumadi ing pulo Bali kasebut dumadi watara abad 18. Schwartz (sajrone Resink, 1987:xx) ngandharake yen *controleur* kang dipanggonake ing Bali minangka utusan kanggo “prakara-prakara politik”. Ing taun 1841 sawijine utusan Walanda ngujuk-ujuki raja-raja Badung, Klungkung, Karangasem, lan Buleleng supaya nandhatangani perjanjen-perjanjen kang ngakoni *kedaulatane* pamrentah kolonial (Ricklefs, 1998:203). Dadi, kolonialisme modern ing kene luwih ing bidhang politik lan militer amarga Walanda kepengin rakyat Bali ngakoni *kedaulatane* Walanda ing Pulo Bali, supaya pulo Bali ora direbut dening bangsa Eropa liyane.

Ing cerbung RRPB, Bangsa Walanda anggone nindakake kolonialisme supaya *kedaulatane* diakoni dening rakyat Bali ditindakake kanthi rong wujud yaiku kolonialisme kang tujuwane nguwasan wilayahé kaum kang dijajah lan kolonialisme kang tujuwane nguwasan pamikirane kaum kang dijajah.

### Kolonialisme kang Tujuwane Nguwasani Wilayahé Kaum kang Dijajah

Serdhadhu Walanda kang dipandhegani dening Jendral Michiels milih nginggirake kapal-kapale ing pulo Bali. Tekane ing tlatah pulo Bali, bangsa Walanda kanthi wengis njajah lan ngupaya nguwasan tlatah kang endah iku. Tlatah ing pulo Bali kang kapisan dijajah dening Walanda yaiku tlatah Buleleng. Para prajurit kasebut mbelani tlatah wutah getih kanthi gaman kang mung saanane. Bangsa Walanda uga meksa raja Buleleng nandhatangani *korte verklaring* utawa perjanjen cekak. Andharan kasebut bisa ditilik saka pethikan rerangkening kedadeyan ngisor iki.

Pancen sawise beteng Jagaraga bisa dijebol dening serdhadhu2 Walanda, raja Buleleng nuli dipeksa nandha tangani “*korte verklaring*” utawa “perjanjian cekak”... (Suroso, PS.1.1975:8).

Para serdhadhu Walanda kang nindakake kolonialisme ing pulo Bali uga aweh daya pangaribawa tumrap owahe kahanan ing pulo Kayangan kasebut. Kahanan kang lumrahe gembira dumadakan owah dadi kahanan kang sepi nyenyet, ora sabaene kaya nalika Pulo Bali durung dijajah lan dikuwasani dening kolonial Walanda. Andharan kasebut bisa ditilik saka pethikan latar kahanan kang kaya mangkene.

Ing njaba sepi nyenyet. Serdhadhu2 kang padha jaga ora ana kang cemuwit. Gamelane Bali kang biyen2, nalika kraton Buleleng durung direbut dening Walanda, yen bengi mesthi keprungu kanthi wirama sigrak, gembira. Nanging bengi iku ora keprungu swarane. Mengkono uga kidung kang dilagokake dening para pedhandha uga ora keprungu... (Suroso, PS.2.1975:8).

Isth gumawang, tekane para serdhadhu Walanda ing pulo Bali panceen nduweni tujuwan kanggo nguwasan pulo kang endah iku. Kolonial Walanda kanthi wengis ngrebut pulo Bali kanthi nggepuk krajan Buleleng. Wong-wong kulit putih iku anggone nggepuk krajan Buleleng ora mung pisan supaya bisa nguwasan salah sawijine tlatah kang ana ing Bali kasebut. Pethikan kang nuduhake Walanda anggone nggepuk krajan Buleleng bisa dideleng saka pethikan latar wektu kaya mangkene.

Nalika tekan Buleleng, mbeneri ana ontran2. Wong2 kulit putih nggepuk krajan Buleleng kang kapisan... Nalika iku wis kliwat tengah wengi. Walanda nggepuk krajan Buleleng kang

kapindho, serdhadhune luwih akeh lan gegamane luwih pepak... (Suroso, PS.4.1975:9-10).

### Kolonialisme kang Tujuwane Nguwasani Pamikirane Kaum kang Dijajah

Kolonialisme kang kapindho nduweni tujuwan nguwasan pamikirane kaum kang dijajah. Tegese, kanthi anane penjajahan kasebut, biasane kaum kang dijajah rumangsa dikalahake, ora nduwe daya, manut lan prasetya marang penjajah (Endraswara, 2008:180).

Kanggone masyarakat Buleleng kang nduweni prasetya kang gedhe tumrap tlatah agunge, cetha bakal ora manut marang Walanda, senajan toh-tohane arupa nyawa. Masyarakat Buleleng kang rumangsa wedi marang pangincime Walanda lan gelem manut marang iming-iminge Walanda, bakal dadi kawulane lan manut marang apa wae kang dikarepake dening Walanda. Pawongan kang kasil dikuwasani olah pamikire dening Walanda mesthi manut, nurut, lan ngawula marang Walanda. Andharan kasebut bisa ditilik saka pethikan latar panggonan kaya ngisor iki.

“Satemene baliku menyang Yehkuning iki ngemban kuwajiban Pak.. Aku diutus tuwan besar golek jongos”

“Sapa sing kok undhang tuwan besar kuwi?

“Gegedhuging serdhadhu Walanda kang saiki nguwasan krajan Buleleng”(Suroso, PS.5.1975:8).

Pangiming-iminge Walanda kanthi menehi pangkat kopral pancen wis ngowahi pamikirane Wayan Tarma. Dheweke krasa mongkog yen nduweni pangkat kang minangka tetengere serdhadhu Walanda. Pangkat kang bisa kagayuh amarga dheweke tansah nurut marang prentahe kolonial Walanda. Andharan kasebut bisa ditilik saka pethikan rerangkening kedadeyan ngisor iki.

“Kudune bapak seneng yen aku bisa urip kepenak kaya saiki... Lan ora saben wong Bali nduwe pangkat kaya aku, pak. Coba, sapa wong Bali kang bisa nggayuh pangkat kopral? Ya mung siji aku iki” (Suroso, PS.5.1975:9).

Pamikirane Wayan Tarma kang wis dikuwasani dening Walanda uga katon nalika dheweke pethuk Nyoman Utama, kancane nalika isih cilik. Wayan Tarma nuduhake pangkat kang ora diduweni dening wong-wong Bali liyane. Pangkat kang sejatine diwenehake dening kolonial Walanda marang wong-wong Bali kang kasil dadi begundhale Walanda. Wayan Tarma nuduhake pangkate mau supaya kancane kepilut ajakane melu Walanda. Pawongan kang pamikirane kasil dikuwasani dening kolonial Walanda lumrahe luwih seneng ndeleng budayane Walanda lan seneng nyepelakake budayane dhewe. Andharan kasebut bisa ditilik saka pethikan rerangkening kedadeyan kang kaya mangkene.

“...Nanging aku serdhadhu kang nduweni pangkat kopral. Delengen tandha pangkatku... Weruhmu mung prajurit2 Bali sing nganggo iket kae. Ngertiya, serdhadhu Walanda kuwi mesthi nganggo tandha2 miturut endhek dhuwure pangkate. Yen prajurit andhahan ora nduweni tandha kaya aku iki” (Suroso, PS.5.1975:9).

### 3. Resistensi kang Ditindakake Masyarakat Buleleng ing Pulo Bali tumrap anane Kolonialisme kang ana ing Cerbung RRPB

Kaya kang diandharake sadurunge yen jinise resistensi iku ana loro cacahe yaiku resistensi radikal lan resistensi pasif. Saka rong jinis resistensi iku, resistensi kang ana ing cerbung RRPB kalebu jinise resistensi radikal kang dituduhake mawa tumindak-tumindak kang katon ora sarujuk marang anane penjajah, kayata:

#### Perang Puputan

Rakyat Buleleng nindakake perang puputan anggone nglawan kolonial Walanda. Perang puputan yaiku panglawanan kang pungkasan, nganggo klambi awarna putih mung nggunakake gaman tombak lan keris kanggo nglawan (Ricklefs, 1998:205). Perang kanthi toh nyawa lan wutahing ludira kanggo mbelani tlatah wutah getihe. Rasa setyané masyarakat Buleleng ora ndadekake Walanda banjur oncat saka pulo Bali. Serdhadhu Walanda malah saya ngupaya nelukake Bali kanthi nekakake bala tentarane kang luwih akeh. Andharan kasebut bisa dideleng saka pethikan rerangkening kedadeyan kang kaya mangkene.

...Nanging Walanda bisa ngrebut panguwasa kuwi kanthi tebusan kang ora sethithik. Kejaba kelangan bandha kanggo wragad ing perang, uga serdhadhu2ne akeh kang tiwas, ngadhepi prajurit2 Buleleng kang mengsa yuda kanthi perang puputan... (Suroso, PS.1.1975:8).

Nalika Putu Yoga lan Wayan Tarma wis teka ing Buleleng, bandayuda utawa perang antarane serdhadhu-serdhadhu Walanda lan prajurit puputan ing Buleleng dumadi. Upayane Walanda ngrebut krajan Buleleng wektu iku durung nuwuhanke asil. Andharan kasebut bisa ditilik saka pethikan latar kahanan kaya ngisor iki.

“...Bandayuda antarane prajurit2 Buleleng lan wong2 kulit putih rame banget. Tanpa mikir dawa,aku lan Wayan Tarma terus nrambul melu perang. Tekane serdhadhu2 Walanda kang kapisan iku bisa diocar-acir dening prajurit2 Buleleng” (Suroso, PS.4.1975:9).

#### Ngrancang Strategi Perang

Tumindak Walanda kang sakepenake dhewe njarah rayah Bali lan wis bisa nguwasan Buleleng, ndadekake pepenginane rakyat Buleleng saya kuwat

kanggo ngusir Walanda saka pulo Kayangan. Supaya ora mbaleni kaluputane nalika mengsa yuda nglawan kolonial Walanda, mula prajurit puputan nyusun sawijine cara utawa strategi kanthi ngirim telik sandhi. Strategi kanthi cara ngirim telik sandhi mujudake panglawanan utawa resistensine prajurit puputan marang kolonialisme kang ditindakake dening Walanda, amarga prajurit puputan kudu nuli nerusake paprangane. Andharan kasebut bisa ditilik saka pethikan rerangkening kedadeyan kang kaya mangkene.

“Sawise Nyoman Utama tiwas, aku yakin setan wadon iku mesthi golek memangsan maneh. Iki mujudake kalodhangan tumrap kita kanggo ngirim telik sandhi menyang Buleleng” (Suroso, PS.6.1975:8).

Saliyane ngirim telik sandhi, para prajurit puputan uga nduweni strategi liya. Nalika nindakake paprangan, para prajurit kudu nduweni strategi kang akeh, amarga ora bakal weruh kedadeyan kang bakal dumadi. Kakuwatane mungsuh kang kadhangkala luwih kuwat lan luwih gedhe, kudu dilawan kanthi nggunakake uteg ora mung nggunakake otot wae. Rasa manunggale rakyat ing Bali minangka kakuwatan kang menehi daya pangaribawa kang gedhe nalika nglawan kolonial Walanda. Andharan kasebut bisa ditilik saka pethikan rerangkening kedadeyan ngisor iki.

“Kita bisa ngalahake mriyem, bedhil, lan mimis iku yen kita bisa manunggal. Ora manunggale wong2 ing Buleleng thok. Wong2 ing pulo Kayangan kene kudu manunggal kanggo ngadhepi wong2 manca kang arep ngrampas tanah wutah getih kita iki... Ngene, becike kowe nganakake sesambungan dhisik karo krajan2 liya ing pulo Bali iki. Kita kudu memitran karo krajan Klungkung, Badhung, Mengwi, Karangasem, Gianyar, Jembrana, lan liya2ne...” (Suroso, PS.8.1975:8-9).

#### Tumindak lan Omongan kang Frontal

Tumindak *frontale* nyiksa kolonial Walanda ditindakake dening Made Ardhana, anggone nyiksa kolonial Walanda nganti kahanane banget nggegirisi. Andharan kasebut bisa dideleng saka pethikan latar kahanan kaya ngisor iki.

“...Jebulipun ingkang bandan punika tuwan Kolonel. Sekojur badanipun gubras rah, lan taksih boten emut...” (Suroso, PS.2.1975:8).

Saliyane kanthi tumindak, wujud nentang lan nglawan marang kolonialisme uga bisa katon mawa omongan kang *frontal*. Omongan kang langsung nuju lan nuduhake yen ora sarujuk tumrap anane kolonialisme. Kolonialisme kang kudu ditentang dening rakyat kang kajajah, amarga kanthi wengis ngrebut lan njarah rayah tlatah jajahan. Omongan *frontal* kang nuduhake sawijine

panglawanan kang nentang anane kolonialisme bisa ditilik saka pethikan rerangkening kedadeyan iki.

“...Mesthine kowe lan kanca2mu prajurit Buleleng rak memungsuhan karo wong2 kulit putih ta?” (Suroso, PS.5.1975:8).

## PANUTUP

### Dudutan

Adhedhasar andharan ing bab IV, bisa didudut ngenani paraga-paraga sajrone cerbung RRPB kang nindakake panglawanan utawa resistensi amarga anane kolonialisme. Paraga-paraga kang nindakake kolonialisme yaiku Anna, Kolonel Karel, Jendral Van Swieten, Sersan Jacob, lan Wayan Tarma kang nduweni watak angkuh, licik lan wengis. Paraga kang nindakake panglawanan utawa resistensi yaiku Putu Yoga, I Gde Wijaya, Ida Bagus Baradha, lan Made Ardhana kang nduweni watak setya, wicaksana, prawira, lan sabar.

Adhedhasar andharan kaping pindho bisa didudut yen kolonialisme kang dumadi ing cerbung RRPB kalebu kolonialisme modern, amarga kolonialisme kang dumadi ing pulo Bali kasebut dumadi watara abad 18. Kolonialisme modern ing kene luwih ing bidhang politik lan militer amarga Walanda kepengin rakyat Bali ngakoni *kedaulatan* Walanda ing Pulo Bali. Kolonialisme kasebut ditindakake kanthi rong wujud yaiku kolonialisme kang tujuwane nguwasani wilayahé kaum kang dijajah lan kolonialisme kang tujuwane nguwasani pamikirané kaum kang dijajah.

Adhedhasar andharan kang pungkasan bisa didudut menawa resistensi utawa panglawanan kang ditindakake masyarakat Buleleng ing pulo Bali sajrone cerbung RRPB kalebu jinise resistensi radikal. Resistensi kang ditindakake dening masyarakat Buleleng kang kapisan arupa perang puputan yaiku perang kanthi toh nyawa lan wutahing ludira, resistensi kang kapindho arupa ngrancang strategi perang kang ditindakake kanthi cara ngirim telik sandhi. Resistensi kang pungkasan arupa tumindak lan omongan kang *frontal*. Tumindak lan omongan *frontal* ing kene awujud tumindak lan omongane pawongan kang nentang kolonial Walanda.

### Pamrayoga

Panliten tumrap cerbung RRPB anggitane Suroso Bc. Hk iki mujudake trap-trapan kang kapisan sing isih bisa ditiliti maneh. Bab-bab postkolonial kang kawedhar mung salah sijine perangan kang narik kawigaten ing cerbung lan isih akeh perangan liya kang perlu ditiliti saengga pemahaman tumrap cerbung iki bisa luwih jero. Mula saka kuwi, dikarepake panliti liya kanggo nliti objek kang padha kanthi luwih jero saka maneka werna aspek.

Kairing pangrembakane ilmu mliline ing perangan kasusastran, disaranake supaya pemahaman ngenani postkolonial perlu disinau maneh kanthi tumemen. Bab kasebut mawa ancas bisa aweh pisumbang pamawas kanthi luwih jembar ngenani postkolonial mliline ing jagade kasusastran Jawa. Mula saka kuwi, diajab kanthi banget panliten ngenani postkolonial bisa luwih jangkep lan dadi sarana kanggo njembarake kawruh.

### KAPUSTAKAN

- Barry, Peter. 2010. *Beginning Theory Pengantar Komprehensif Teori Sastra dan Budaya*. Yogyakarta: Jalasutra.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi (Edisi Revisi)*. Yogyakarta: Media Pressindo.
- Foulcher, Keith lan Tony Day. 2008. *Sastra Indonesia Modern: Kritik Postkolonial Edisi Revist ‘Clearing a Space’*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Luxemburg, Jan Van. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia.
- Moleong, Lexy J. 2005. *Metodologi Penelitian Kualitatif Edisi Revisi*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1937. *Baoesastra Djawi*. J.B. Wolter.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2008. *Postkolonialisme Indonesia Relevansi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- \_\_\_\_\_. 2012. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Resink, G.J. 1987. *Raja dan Kerajaan yang Merdeka di Indonesia 1850-1910 Enam Tulisan Terpilih*. Jakarta: Djambatan.
- Ricklefs, M.C. 1998. *Sejarah Indonesia Modern*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Semi, M. Atar. 1998. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa Raya.
- Siswantoro. 2005. *Metode Penelitian Sastra*. Surakarta: Muhammadiyah University Press.
- Suroso. 1975. *Racun-Racun ing Puri Buleleng*. Surabaya: Panjebar Semangat.
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: PT. Dunia Pustaka Jaya.
- .Yasa, I Nyoman. 2012. *Teori Sastra dan Penerapannya*. Bandung: Karya Putra Darwati.